Щэкlуэгъуэм и 4-р Щыхьбэ зэкъуэтыныгъэм и махуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№213 (23.621) ● 2017 гъэм щэкlуэгъуэм (ноябрым) и 4, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. Щыхьбэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм и щIыхькIэ щыхуэхэм зэрехъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщIэ зыхуэсщIхэ! Щыхьбэ зэкъуэтыныгъэм и махуэмкIэ сынывохъуэхъу!

Хэкум и къэкIуэкIыкIам, екъуплIэныгъэшхуэхэмкIэ, къэпщытэныгъэ гугъуехэмрэ лIыхъужьыгъэр зи гъэбжъэ текIуэныгъэхэмкIэ гъэнщIа абы и тхыдэм ди лъэпкъыр къыгуэхыпIэ имыIэу зэрыпыщIам и дамыгъэщ и махуэшхуэр. Щыхьбэм и Хэкум хуаIэ лъагъуныгъэр, ар яхъумэжыным дапщэщи зэрыхуэхъэзырыр сыт хуэдэ зэманми щытащ ди къэралым и щхьэхуитныгъэмрэ и суверенитетымрэ я лъабжьэ быдэу. Хэкупсэ нэсхэмрэ лъэпкъхэм я зэкъуэтныгъэмрэщ зихуэдэ щымыIэ урысей къэралыгъуэр хъума зэрыхъуар зи фIыгъэр. Шыналъэгъуэщхэр къыщыкIуэдэ ди зэманми дэ ди къэлэнщ ди зэкъуэтныныгъэр дгъэбыдэну, Урысейм лъэпкъ куэду зэхэт и щIыхьбэм дахэту къэрал лъэщ, зи Iэхуэхэр ефIакIуэ духуэну.

Узыншагъэ, екъуIэныгъэ, насыпрэ зэIуэзэпэщIагъэрэ фиIэну сынывохъуэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къахьа екъуIэныгъэхэмрэ илъэс куэд хьуауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын

Былымгъуэт Борис Хьусен и къуэм - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм госпитальнэ хирургиемкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэм;

щIэ лъапIэхэр яфIэщын:
«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и дохутыр»
Иванов Владимир Иннокентий и къуэм - Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхуэмкIэ и министерствэм и «Налшык» зыгъэпсэхупIэ» уэзышагъэр хъумэнымкIэ федеральнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм и дохутыр-урологым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узышагъэр хъумэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»
Сокмышевэ Брониславэ Борис и пхъум - Тэрч муниципальнэ щIыналъэм и «ЩIыналъэ сымаджэщ нэхъыщхьэ» узышагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и медицинэ сестра нэхъыщхьэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»
Борсэ Хьэ1ишэт Хьэжсет и пхъум - «Нал цIыкIу» сабий-ныбжьыщIэ щэнхабзэ-псапащIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщIым

Шинкарёвэ Наталье Пётр и пхъум - «Къэбэрдей-Балъкъэрым тхылъ фIыгъэ щызыльагъуэм я зэгухьэныгъэ» жылагъуэ организацэм и унафэщIым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»
Геляевэ Ариукэ Иброхьим и пхъум - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм урысыбзэмрэ бзэщIэныгъэ зэхэтымкIэ и кафедрэм и профессорым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»
Къаскъун Хьэмидбий Къэрэшбий и къуэм - «Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ, ерыскъыпхъэхэмрэ щIы зэхущытыкIэхэмкIэ и управленэ» муниципальнэ Iуэхущ-IапIэм и унафэщIым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»
Кубатий Iэдил Iэдиб и къуэм - «Iуащхьэмахуэ» курорт» акционер зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр къыззгъэпэщыным теухуа IуэхуэмкIэ и департаментым и унафэщIым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»
Чеченов Алий Хьусен и къуэм - Шэрэдж муниципальнэ щIыналъэм и «Сабий-ныбжьыщIэ спорт школ» щIэныгъэ гъэдзэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм и гъэсакIуэ-егъэджакIуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий.

Налшык къалэ
2017 гъэм жэпуэгъуэм и 30-м
№140-УГ

● Обозревателым и псалъэ

Хьэгъэщагъэхэмрэ зэпэщIэувэныгъэхэмкIэ псыхьа зэман

Къэралыр къезыгъэлар цIыху къызэрыгуэкIхэм я лIыгъэрщ

Илъэс 400 хуэдиз и пэкIэ Урысейр щытыкIэ хьэлъэм къихутащ. Псори зэхэзэрыхьат: дин Iуэхуэхэри, политикэри, псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ щIыхуэхэм я мыарэзыныгъэри. Мыпхуэдэущ ар зэрыщытар.

...ИВАН Грознэр дунейм щекьжам пащтыхьыгъуэр Iэрыхьащ абы и къуэ Фёдор. Ауэ ар зэфIэкIыншэри, власткъэ ипэжыпIэкIэ яубыдащ. Бореркъэм. 1598 гъэм ар лIа инуэкIэ Рюриковичхэ я лIакъуэр. ихуащ (Фёдор быныншэт, и къуэш нэхъыщIэ Дмитрий пасэу лIат, къызыхэкIар ямыщIэу). Арати, пащтыхьу хахащ хуабжьу сакъ икIи хьилэшы Годунов Борис.

Мис абдеж щIидзащ Зэрыхьэрий лъэхъэнэм. Зэкlэлыкlуэу илъэсищкlэ - 1601 гъэм къыщыщIэдзауэ 1603-м нэсыху гъейуэ щытащ. Гъаблэ шынагъуэм цIыху минищэкъм я гъащIэр ихьащ. ЦIыху мэжжащIа-лIэхэр бандэу зэхьыхэрт.

Ар дыдэм ирихьэлIэу Польшэм къыщыкъэкIащ Москва щыщ монах гъэпцIакIуэ Отрепьев Григорий, телъыджэ гуэр къэхуу ямыукIыу къела пащтыхьыкIыу Дмитрийуэ зызыгъэIуар. Ар даIыгъащ Урысейм и лъэр щIаудыным щIэхъуэпс поляк къулеижьхэм.

А къэралым щыщ бзаджащIэ гупшхэуэм я гъусэу Дмитрийнэпцым Урысейм и гъунапкъэр къызэпиупщащ, Годуновым и пулитикэмкIэ мыарэзы къалэ куэдым абы зратащ. Зауэм и гуащIэгъуэу, Годунов Борис къытехуэри лIащ. Боярхэр занщIэу епцIыжащ абы и пIэ иува, илъэс 16 зи ныбжь Фёдор, ар тредэри, ауклащ, 1606 гъэм ауклащ Москва зыубыда ДмитрийнэпцIри.

ИужькIэ пащтыхьыгъэр Iэрыхьащ бояр зыкъызых Шуйский Василий. Арщхьэкlэ щытыкIэр нэхъри зэIыхьэрт. Ипщэ пъэныкъуэм къыщыхъеящ Болотников Иван зи пашэ мэкъумэшыщIэ зэщIэхъеенныгъэр. Москва къиухъуреихьащ Иван Грознэм и къуэ псэууэ кьелауэ апхуэдэ дыдэу зызыгъэIуа Дмитрийнэпцl Етlуанэм. Ар зи Iэтащхьэ полякхэм къэралыр зэхафыщIэрт. КъыкIэрыухнкIэ пIащIэу, ищхьэрэ пъэныкъуэмкIэ Урысейм и щIыналъэм къихьащ шведхэр. 1610 гъэм и гъэмахуэм полякхэм Клушинэ хуэлъэм и деж урысеидзэр къыщыхагъэщIащ.

Ар зэрызэхахьу, Шуйскэр трахуащ, Москва щыщ боярхэм тхьэ яIуащ. поляк пащтыхьыкъуэ Владислав хуэпэжыну. А илъэсым и фокIадэм Польшэм и дзэхэр Урысейм и къалащхьэм дыхьащ. Властыр ипэжыпIэкIэ яIэщIыхьащ бояр епцIыжакIуэхэу блым - Урысейр кьызэрымыкIыжыфыну щытыкIэ къихута хуэдэт.

А зэманым Новгород Ищхъэрэм щыхуэхэр щызэщIигъэуIуащ дин лэжьакIуэ Минин Кузьма, пцы Пожарскэм диIыгъам. Абыхэм дзэ къызэрагъэпэщын мурадкIэ ахъшэ зэхуахьэсу щIадзащ. Литературэ тхыгъэхэм къахэщми, урысей тхыдэджхэм къагъэлъагъуэркъым пщы, адыгэхэм къахэкIа Бекович-Черкасский (Къанщауэ) мыбдеж щигъэзэщIа къалэнышхуэр. Зауэ IуэхущIафэ псори зезыгъэкIуар аращ. Уеблэмэ, абы и унафэм щIэту полякхэм къыдэщIагъэкIыжащ Москва и Китай-городыр - бийм и быдапIэ нэхъ лъэщ дыдэр. Ар къыщыхуар 1612 гъэм щэкIуэгъуэм и 4-рщ. Нобэ дгъэлъапIэ гуфIэгъуэм къежьапIэ хуэхъури аращ. Хуабжьу ди жагъуэщ адыгэлIым кьигъэлъагъуэ хахуагъэмрэ зэфIэкIымрэ зыгъэрхэм зэращыгъупщжар.

Хуэм-хуэмурэ хуит къащыжащ бийм иубыда кьалэхэр. ЗэрыпхъуакIуэхэр ирахужьажащ, гъэру зыкъэзытахэр ямыукIыу яутIыщыжащ.

Къэралыр хуит къэхъуа иужь зэрыхьэзэрий лъэхъэнэр ихуащ. Арщхьэкlэ къэралзэхэфыщIар зэфIэгъэуэрэжьын хуейт. Пащтыхьу ягъэувыныхэр къагъэлъэгъуащ. Гупым щыпашэт лIыгъэшхуэ дыдэ зезыхьа Бекович-Черкасский Дмитрий (Къанщауэ). Ар абы идакъым, урыс лъэпкъым зэрыщымыщыр щхьэусыгъуэ ищIри. Арэзы хуэамэ, Урысейм и хъыдэм нэгъуащI теплъэ игъэтынут. 1913 гъэм Земский соборым пащтыхь ищIащ илъэс 16 зи ныбжь Романов Михаил. А лъэпкъым щыщхэм тетыгъуэр яIыгащ. 1917 гъэм иужьрей пащтыхь Николай Етlуанэр трахуху.

Зауэм и Iэужьри гугъуу щытащ Урысейм и деж. 1617 гъэм шведхэм, кьыкIэлыкIуэ ильэсым полякхэм иращIыпIа мамыр зэгурыIуэныгъэхэм япкъ иткIэ, ятпэхэм яIыгащ Фин псы дзжыпIэр къанэ щымыIэу, етIуанэхэм яIэрыхьащ Смоленск пасэрей урыс къалэр.

Мис ауэ Iэхуэхэр къызэрекIуэкIар. Мыбдеж щынэхъыщхьэр езыхэм я Хэкур къралгъэлън папщIэ щыху къызэрыгуэкIэр зэрызэкъуэуварщ, мыпхукIэ яку дэлъа зэхуэмыдэныгъэри, зэрызэгурымIуэхэри лъэныкъуэ ирагъэзу.

Псоми я фIэщ хуэт Урысейм зыкъызэрурыжьыжынур. Апхуэдэуи хуауащ. ЛIэщIыгъуэ ныкъуэ нэхъ дэмыкIыу, Урысейм, Смоленск и мызэхэлуу, Киевм зыIэригъэхьжащ. Аргуэру илъэс щэ ныкъуэ дэкIри, Пётр Езанэм шведхэр Нева и Iуфэхэм Iуихужащ, империем и щыхьэрыщIэ хъуа Санкт-Петербург яухуащ.

ШАЛ Мухьэмэд.

УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Козак Д. Н. дыгъуасэ Москва щригъэкIуэкIащ Правительствэм щIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ и комиссэм и зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А.

УФ-м и Вице-премьер Козак Дмитрий и унафэм щIэту дыгъуасэ Москва щызэхэтащ Правительствэм Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ и комиссэм и зэIущIэ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.

ЗЭХУЭСЫМ щытепсэльыхьащ щIыналъэхэм 2018 гъэм тещIыхьа я бюджетхэр зэхуэгъэкIуэныр къызэгъэпэщныным, УФ-м и щIыналъэхэм бюджетымкIэ ятелъ щIыхуэхэр ятыжьынымкIэ защIэгъэкъуэным хуэгъэзауэ щыIэ Iэмалхэм, бюджетхэр зыхущыщIэну мылъкуэр ирагъэкъужын папщIэ дотацэхэр яхуэхъыным, социально-экономикэ IэнатIэм ехъулIэныгъэфIэкIэр къыщызыхьа щIыналъэхэм федеральнэ бюджетым къыхэкIыу бюджет зэхуаку трансферт щыкIэу грантхэр ятыным.

Правительствэм и унафэщIхэм жэпуэгъуэм и 31-м щаIущIам УФ-м и Президент Путин Владимир унафэ ищIащ федеральнэ бюджетым къыхэкIыу щыхуэзышхуэ зытелъ щIыналъэ зыбжанэм, щхьэусыгъуэ нэрылъагъуэхэм къыхэкIыу ахэр зыхуэзэтрихьахэм, кредит щхьэхуэхэр иратыну. Къэбэрдей-Балъкъэрми апхуэдэ ахъшэ хухахынущ, рынок щIыхуэм щыщ Iыхьэр ипшныжьын, коммерческ щIыхуэрэ езым и хэхуэм и зэхуэдитIым нэхърэ мынэхъыбэу къригъэхыжьын папщIэ.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

● КъБР-м и Правительствэм

Хьэрычэт Iуэхумрэ щIымрэ ятеухуауэ

КъБР-м и Iэтащхьэм деж инвестицэхэмрэ хьэрычэт Iуэхуэкмкlэ щыIэ Советым и зэIущIэ иджыблагъэ КъБР-м и Правительствэм щекIуэкIащ. Абы хэтащ Советым и тхьэмадэ Къармокъуэ Хьэчим, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ - мэкъумэш Iэнатlэмкlэ и министр Говоров Сергей, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и Iуэхущ-IапIэм и Правительствэм и къуэдзэ Бэлэтокъуэ Владимир, КъБР-м и Парламентым Экономикэмкlэ, инвестицэхэмрэ хьэрычэт Iуэхуэхэмкlэ и комитетым и унафэщI Iэпщэ Заур, районхэм я Iэтащхьэхэр, нэгъуэщIхэри.

КъБР-м ЭКОНОМИКЭ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис** къыщыпсалъэм къыхиутащащ республикэм щагъэзащIэ инвестицэ Iуэху нэхъыщхьэ дыдэхэм Налшык гидрометаллургэ заводыр нэгъуэщI щIыпIэ гъэIэпхъуэныр, ар дунейпсо мардэм къеззгъуэ гъэлэжьэныр зэращыщыр.

- Мы проектыр илъэсищ пIалъэм тещIыхьащ. И зэманым абы къыщыщIэлъэгъуаэр здгъэхъулIэн папщIэ, «Къэбэрдей-Балъкъэрым зезыгъэужь корпорацэ» Iуэхущ-IапIэм лэжьакIуэ гуп щхьэхуэ къыщыщздгъэпэщащ. Абы хэтхэр заводыр щаухуэну хухаха щыIэнымэ щыIащ икIи лэжьыгъэр зэрыкIуатэм теухауэ я Iуэху епIыкIкI къыщагъэлъэгъуэ зэIущIэ 12-м нэблагъэ мы зэманым иригъэкIуэкIащ. Апхуэдэуи проектыр гъэззщIа хъуным теухауэ сом мелуани 175-рэ мин 90-рэ къызэщIэзыубыдэ зэгурыIуэныгъэ зэпэгъуэм и 27-м ирихьэлIэу зэтщIыпIащ, - жиIащ Рахаев Борис. - Iуэхур зэрыкIуатэм арэзы дыкъыщыркъым, хуэм дыдэущ. Проектыр зи жэрдэмхэм нобэрей зэIущIэмкIэ гу лъедгъэтэну дыхуейт Iуэхум хухаха мылъкур къанэ щымыIэу и зэманым къызэрагъэсэбэппхъэр. Проектыр зыгъэзащIэ инвесторым лэжьыгъэр хуэму фIэкIа щIэмыкIуатэм и щхьэусыгъуэ зыбжанэ къеГъэлъагъуэ, абы щыгуэмми щытыкIэм зезыгъэхъуэжьыныкIэ хъуну ди чэнджэщхэм кьедаIуэркъым. Абы зэрыжиIэмкIэ, гугъуехьыр зэпхар щыпIэм щэнхабзэ мыхьэнэ зиIэ щIэинхэр зэрыщыIэрщ. А Iуэхум теухауэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым зезыгъэужь корпорацэм» и унафэщIхэм я советым лэжьакIуэ гупым хэтхэр зэхуимэсащ икIи хэкIыпIэхэр яубыхуащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Къэбэрдей-Балъкъэрым щежэх Шэджэм псым пIалъэкIэ къагъэсэбэпыну лъэмыж тралъхьэнущ

ШЭДЖЭМ псым пIалъэкIэ тельыну лъэмыжыр тралъхьэным теухуа лэжьыгъэхэр щкIуэгъуэуи и кIэм зэфIэкIынущ. Абы къыщыкIуэу зыхуагъэхьэзырынущ 2017 гъэм и бадзэуэгъуэм псыдзэм Iисраф ищIа лъэмыжыр зэгъэпэщыжыным. КъыззэтещхэнкIэ шынагъуэ щыIэти, гъуэгу ухуакIуэхэм мурад ящIащ ар къызыхуэгъэпэщ зэрагъэпэщыжыну. «Кавказ» Iуэхущ-IапIэм Гъуэгухэмкlэ и ФКУ-м и унафэщI Лечхаджиев Руслан и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, пIалъэкIэ къагъэсэбэпыну лъэмыжым къызэрыгъэпэщынущ транспортыр шынагъуэнщу зекIуэнкI. Апхуэдэу абы и фIыгъэкIэ автомобилхэр зэтрихьэнукъым.

IэщIагъэлIым щIигъужащ сэмэгу лъэныкъуэмкIэ тельыдэ лъэмыжыр капитальнэ ремонт ящIын папщIэ проект-смет тхылъхэр мы зэманым зэрагъэхьэзырыр. Ахэр зэфIэкIмэ, Iуэхущ-IапIэр лэжьыгъэм пэрыхьэнущ 2018 гъэм.

ФщIэн папщIэ. Шэджэм псым лъэмыжыр тралъхьащ 1972 гъэм. 2013 гъэм абы щIагъэкъуа пкъо зыбжанэ зэрахъуэжкIащ адрейхэр ягъэльэщащ. Иджы а псори къагъэщIэрэщIэжьын хуейщ.

БОЖКОВ Александр.

● Iуащхьэмахуэ лъапэ

Лъэхъэнэщ-Iэм хуэхьэзырщ

КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ-IапIэм хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, Европэм и бгы нэхъ лъагэ дыдэм и джабэ нэкIуэхэм лыжэрэ сноубордкIэ къыщыбжьыхь хъунущ щэкIуэгъуэм и 5-м щегъэжьауэ. Ар нэгъабэ елъытауэ зы мазэкIэ нэхъ пасэщ.

«IУАЩХЬЭМАХУЭ» зыгъэпсэхупIэ АО-м лъэхъэнэм зэрызыхуигъэхьэзыр лэжьыгъэхэр и кIэм нигъэблэгъащ. «Мир», «Азау» станцхэм я зэхуаку дэлъ джабэ нэкIуэм раткэр жэщи махуи щолажьэ. Iуащхьэмахуэ и кьежэхьипIэ псори къагъэщIэрэщIэжащ, я бгъуагъэм хагъэхъуащ. Абы къыхэкIыуи, джабэ нэкIуэм туристхэр зыр адрейм зэран щыхуэмыхьыу къыщежэхьфынущ, нэхъ хуитуи зыщагъэззэнущ.

Зы1эт-дзэщыей Iэмэпсымэхэр зэгъэпэщыжыныкIэ лажьыгъэхэр зэрызэфIэкIыу, «Мир» станцыр здэщыт щIыпIэм нэс гондолэ кIапсэ гъэгуитIымкIи удэкIуеифынущ.

ЩIымахуэр къэмыс щIыкIэ бгы нэкIуэм пасэу кIэрыхьэн зыфIэфIэхэм папщIэ ягъэхьэзыращ мазэ дызэрытым и 5-м щегъэжьауэ и 30-м нэсыху иризекIуэ хъуну, «ЩэкIуэгъуэ» зыфIаща уасэ гъэувыкIэр. Абы икIи иткIэ, лыжэ лъагъуэхэр, абыхэм я зэхуаку дэт станцхэр махуэм и кIуэцIкIэ уэзрыуейм хуэдизрэ къэбгъэсэбэпыну хуит зэыщI магнит карточкхэм (скипассхэм) я уасэр сом 1000-м щIрагъэгъунукъым.

Къызэрежэх Iэмэпсымэхэр хъхуу къэзыщIэу есахэм папщIэ ягъэлажьэну Iэнатlэхэм деж зыгъэпсэхуакIуэхэм лыжэ, сноубордхэр къыщыхухахынущ, зыгуэрым ейр къутэмэ, щыхьэзрагъэпэщыжынущ.

Iуащхьэмахуэ лъапэ щылажьэ къегъэлакIуэ гупхэр туристхэм я шынагъуэншагъэм кIэлъыплъынущ. Терскол посёлкэм къыщызэIуахащ иджырей мардэхэм къитIасэ медицинэ центр. Бахьсэн и псыхъуащхьэхэм унэсыным мы зэманым гугъуехьыщхэ пылъыжкъым - Iуащхьэмахуэ лъапэ ухуэзышэ федеральнэ гъуэгур сыт и лъэныкъуэкIи къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Транспорт

Iуащхьэмахуэ и щыгум хуэкIуэ автомобиль

«УАЗ Профи» автомобильщIэм и зэфIэкIхэр щагъэунэхуащ Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIуей гъуэгум.

КИЛОМЕТР 4800-рэ си кIыхьагъ Тамбов - Волгоград - Астрахань - Элиста - Псыхуабэ гъуэгуанэр къызэринэкIри, ди щIыпIэм къэсащ «УАЗ Профи» автомобиль лIэужьыгъуэщIэр. Дзэ техникэм и зэфIэкIыр нэсу къаухутэкIэрэ, ар хуаунэIащ Европэм и Iуащхьэ нэхъ ин дыдэм и щыгум. Ульяновск автомобиль заводым къыщыщIагъэкIа хьэлъэзешэщIэм и закъуэу хуэзэфIэкIащ метр 3198-рэ си лъагагъым дэкIуеину.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

● АПК

Сом мелуан 256-м щIигъу Къэбэрдей-Балъкъэрым хухах

И мэкъумэш щIапIэхэм псы щIагъэхьэныр щрагъэфIэкIуэн папщIэ къэрал мылъкум къыхэкIыу ди республикэм сом мелуан 256-м щIигъу 2017 гъэм къыIэрыхьэнущ.

«УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм щыззэхалъхьауэ мэлажьэ «Урысейм псы зыщIагъэльадэ и мэкъумэш щIапIэхэм» Къэбэрдей-Балъкъэр и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ - мэкъумэш хозяйствэмкIэ министр Говоров Сергей КъБР-м и Iэтащхьэм и деж Инвестицэхэмрэ хьэрычэт Iуэхуэхэмкlэ щыIэ советым и зэIущIэм.

Абы къыззрилъытэмкIэ, ткIупс зырызурэ псы щIэгъэхьэнымрэ псы щIэгъэльэдэнымкIэ Iэмалхэр къэгъэсэбэпынымрэ сабэп мэхъу гъавэу къытрахым и куэдагъэм хэгъэхъуэнымкIэ. «2013 гъэм зы гектарым центнер 52-рэ къытетхыу щытамэ, иджы ар центнер 59-м нэсащ, ар процент 13-кIэ нэхъыбэщ. Хадзэхэм и бэвагъэм процент 34-кIэ хэхъуащ», - къыхиутащащ министрым.

Говоровым зэрыжиIамкIэ, къэралым дэIэпыкъуныгъэшхуэ кърет псы щIэгъэлъэдэным икIи абы фIы куэд къроКIуэ. Говоровым къыхитащащ гъавэ щIапIэ гектари 100-м псы зэрыщIагъэхьэ иджырей Iэмэпсымэхэр щагъэувын папщIэ мылъкуу халъхьэр сом мелуани 6-м щыщIидзауэ 10-м зэрынэсыр.

Министрым къызэрилъытэмкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхэм ящыщу гектар мини 130,7-м (къавэ щIапIэхэм я процент 43,5-м) псы щIэгъэхьапхъэщ. Нобэкlэ абы къызэщIиубыдэр гектар мин 65,8-щ (процент 50).

КъБР-м псы зэрыщIагъэхьэ и кIэнауэхэм иджыпсту я кIыхьагъщ километр мини 3,77-рэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● ХъыбарегъащIэ

Махуэшхуэм и щIыхькIэ

Налшык и къэрал концерт гъэлъэгъуэнIэм и гупэм деж иIэ утыкум (ЩоджэнцIыкIум и уэрам, 28) 2017 гъэм щэкIуэгъуэм и 4-м пэкIу концерт щекIуэкIынущ ЦIыхубэ зэкъуэтныгъэм и махуэм и щIыхькIэ.

ЦIыщIидзэнур сыхьэт 12-рщ.

● Футбол

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гуп ЕпщкIубланэ джэгуГуэ «Спартак-Налшык» - «Академия» (Дон Iус Ростов) Налшык. «Спартак» стадион. Щэкlуэгъуэм и 4. Сыхьэт 15-м.

Хьэрычэт Iуэхумрэ щIымрэ ятеухуауэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Рахаев Борис тепсэлъыхьащ «2025 гъэ пщIондэ Кавказ Ищхъэрэм и щIынальхъэм зегъэужьынымрэ и Iуэхуки I» къэрал программэм и «Къэбэрдей-Балъкъэрым и социальнэ зыужьынигъэр 2016 - 2025 гъэхэм ятещIыхьауэ» и Iыхьэм хагъэхьэ инвестицIэ проектхэр къызэрыхахьэм. Абы зэрыжиIамкIэ, 2018 гъэм къыщыщIэдзауэ зэлэжьыну яубзыхуа инвестицIэ Iуэхуу 7 кьагъэлъэгъуащ, псоми зэхэту сом меларди 3,3-рэ и уасэщ. Абы къыщыгъэмыщIауэ, иджыри сом меларди 4,7-рэ текIуэдэну зыхуагъэфащэ инвестицIэ проектиту мы зэманым агъэхьэзыр.

Хьэрычэт Iуэху цIыкIумрэ ику итымрэ елэжьхэм къэралыр къэзэрыдэIэпыкъум къыщытеувыIэм, **Къармокъуэ Хьэчим** къыхигъэщащ ар я нэIэ зытрагъэтыпхъэ Iуэхугъуэ нэхъ инхэм зэращыщыр. Абы советым хэтхэм ягу кьигъэкIыжащ УФ-м и Президент Путин Владимир Германием щыщ хьэрычэтыщIэхэм иджыблагъэ щаIущIам а Iуэхум зегъэужьыным кьэралым дежкIэ иIэ мыхьэнэр къыхигъэщауэ зэрыщытар. «Германием и валютэ къэрал кIуэцI продуктым и процент 50-м щIигъур хьэрычэт Iуэху цIыкIумрэ ику итымрэ къритмэ, дэ ди деж а бжьыгъэр процентти 10 щыхъуу аращ. Уеблэмэ, мы зэманым къыщыщIэдзауэ а Iуэхум дегугъуми, 2030 гъэм ирихьэлIэу процент 30-м тхунэгъэсыну къудейщ. Аращи, мы Iуэхум и мыхьэнэр инщ икIи абы и хэкIыпIэхэр къэдгъуэтын щхьэкIэ иджыри мызэ-мытIэу ар къэзгъэтыну къыщIэкIынщ», - жиIащ Къармокъуэм.

Республикэм псы щIэгъэлъэдзэн и Iуэхум зыщегъэужьынымкIэ инвестицIэ лэжьыгъэ зыбжанэ зэрагъэзащIэм теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ - мэкъумэш IэнатIэмкIэ и министр **Говоров Сергей*.** Абы къызэрыхигъэщамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым псы зыщIагъэлъадэ щыIуэ гектар мини 130,7-рэ иIэщ. Абы щыщу мы зэманым псыр лъэIэс щыIуэ гектар 65,8-м.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъыбэу щыхасэр нартыхурщ. Къапщтэмэ, мы гъэм нартыхур трасащ щIы гектар мини 150-м нэблагъэм. Абы щыщу псыр зыщIэлъадэр щIы гектар мини 34,8-рщ. АдэкIи мы Iуэхум зедгъэужьыну ди гугъэщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я Правительствэхэм зэращIыIа зэгурыIуэныгъэм тету, мэкъумэшхэкIым елэжьхэм субсидиекIэ защIэгъэкъуэным федеральнэ бюджетым сом мелуан 231-рэ къаухъегъэкI, республикэм и мылъкум - сом мелуан 25,7-рэ, - жиIащ Говоровым.

КъБР-м щIыуэпсыр хъумэнымрэ экологиемкIэ и министрым и Правительствэм зэращIыIа зэгурыIуэныгъэм тету, мэкъумэшхэкIым елэжьхэм субсидиекIэ защIэгъэкъуэным федеральнэ бюджетым сом мелуан 231-рэ къаухъегъэкI, республикэм и мылъкум - сом мелуан 25,7-рэ, - жиIащ Говоровым.

КъБР-м щIыуэпсыр хъумэнымрэ экологиемкIэ и министрым и Правительствэм зэращIыIа зэгурыIуэныгъэм тету, мэкъумэшхэкIым елэжьхэм субсидиекIэ защIэгъэкъуэным федеральнэ бюджетым сом мелуан 231-рэ къаухъегъэкI, республикэм и мылъкум - сом мелуан 25,7-рэ, - жиIащ Говоровым.

«Зэрэгъыж» автотурист зыгъэпсэхуплэм, «Налшык Ищхъэрэ» автостанцым, къуажэхэм щауху щэнхабзэмкIэ унэхэм, бжьамийхэмрэ псы жапIэхэмрэ ирикIуэ псы фIейр щIыуэпсым зэран хуэмыхъун щхьэкIэ Нарткъалэ щыгъэкъэбзэным екъэлIауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр зыбнэсам теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м уиуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммуналнэ IэнатIэмрэ гъэгу IуэхуэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Жарашуев Алим**.

ЗэIущIэр щызэхуищIыжым, абы хэтахэр Къармокъуэ Хьэчим къыхуриджащ я къалэнхэр и зэманым зыиуэт хуэзауэ зэрызэфIагъэкIыным хущIэкъуну. Апхуэдэуи Советым иубзыхуащ къэкIуэнум зэлэжьыпхъэхэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.



● Дзэлыкъуэ щIыналъэ

Нэхъыжьхэм пщIэ хуащI

Жэпуэгъуэ мазэм Дзэлыкъуэ щIыналъэм щекIуэкIащ Зи ныбжь хэкIуэтахэм я махуэм егъэщIылIа «ГущIэгъу» мазэ лэжьыгъэр. Дэтхэнэ хьуажэми псапащIэ Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр щIэзэфIагъэкIащ.

ЯГЪЭУВА хабзэм тету, мазэ лэжьыгъэм и иужьрей махуэр нэхъыжьхэм пщIэ зэрыхуащIыр къэзыгъэльагъуэ гуфIэгъуэ зэIущIэу уващ. Абы къуажэ псоми ящыщхэр ирагъэблагъащ. Дэтхэнэри щIыналъэм щыщIэрыIуэ цIыхухэщ, зэкъуэзыгъэувэри зыщ: ахэр гъащIэм жьыдэру хэтщ.

ЗэIущIэр хъэхъуэ псалъэхэмкIэ къэзэIуихащ щIыналъэм администрацэм и Iэтащхьэ **Джатэ Руслан**:

Ди ныбжьыр кIуэтэхукIэ, дэ нэхъкуууэ зыхыдощIэ гъащIэм, улэжьэным, уи къуэрылъу-пхъуэрылъхуэр бгъэсэным яIэ мыхьэнэр зыхуэдизыр. ПщIэ зыхуэтщI нэхъыбэфIхэ! Фэ зэи гупсэхугъуэ фиIэкъым, дэтхэнэ Iуэхуми жэуаплныгъэ ин фхэлъу фыбгъэдохьэ. Къэрал гуфIэгъуэ инхэр щыдгъэжьэрыкIэ, фэ хуабжьу фыкъыддоIэпыкъу. Фи щIэныгъэмрэ Iущагъымрэ дэ щIэгъэкъуэн кьыгхуохьу кьытщIэхъуэ щIэблэр дгъэсэн папщIэ. ФIыщIэшхэр фхуэощI ди районым зегъэужьыным къаруушхуэ зэрефхьэлIам папщIэ.

Къэзэрыгъэм и Советым и унафэщI **Елчэпар М.**, администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэхэр, Iэхуащ Iэхэм я унафэщIхэр.

Нэхъыжьхэм къадэкIуэу зэIущIэм ирагъэблагъащ еджэнымрэ спортымрэ къащыхжаныкIа ныбжьыщIэхэр. «Урысей зэкъуэгъу» партым и щIыналъэ къудамэм и цIэкIэ ягъэува стипендиехэр зэрыхуагъэфащам щыхьэт техьуэ тхыльхэр иратащ Малкэ къуажэм и курыт школ №1-м и еджакIуэ Журтыбей Иннэрэ Къамылыкъуэ и школым щеджэ Къанкъул Алихьанрэ.

А махуэм ягъэлъэпIащ дунейм грепплингымкIэ и чемпион хьуа Гъэнгъэщ Астемыри. Зы тхьэмахуэ зэхуэмхуэ къиурыбдзэ абы мыхьэнэшхуэ зиIэ текIуэныгъитI къихьащ - Уфа щекIуэкIа урысей зэпеуэмрэ Азербайджаным щыIа дунейпсо чемпионатымрэ щытекIуащ. Джатэ Руслан щIалэмрэ абы и адэ-анэхэмрэ фIыщIэ письмохэр, ахъшэ гуэрэт яратащ.

Администрацэм и Iэтащхьэм апхуэдэу фIыщIэ яхуищIащ чемпион ныбжьыщIэр зыгъэзехуэу Джьырандокъуэ Амиррэ Гъуклэжь Светлырэ.

Белокаменкэ къуажэм щыщ, лэжьыгъэм и ветеран, илъэс куэдкIэ егъэджакIуэу лэжьа Мэремкъул Хьэлимэт къеджащ езым итхауэ къызэджа «Жьы хъуныгъэ» усэр псоми ягу ирихьащ.

ЩОКЪУИЙ Iэминэ.

● Зэпыщ Iэныгъэхэр

Зэдэлэжьэну зэгуроIуэ

ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэ IэнатIэмрэ зэрызэхуэхьэм, щIэныгъэ къэхутэныгъэхэр егъэкIуэкIыным, Iэщагъэлiэжь ягъэхьэзырыным я мыхьэнэр кьагурыIуэкIэрэ, Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ КъБР-м и Сату-промышленнэ паратэмрэ зэдэлэжьэным теухуауэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ.

Жэпуэгъуэм и 31-м абы Iэ традзащ университетым щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и проректор Малкандуев Юсуфрэ палатэм и унафэщI ГъуклэIэ Хьэсэнэрэ.

ЗэIущIэм къыщыщIэпсалъэм ГъуклэIэ Хьэсэн жиIащ лъэныкъуитIыр илъэс 25-рэ хъуауэ зэрызэдэлажьэр. Малкандуев Юсуф къыхигъэщхьэхуащ КъБКъУ-мрэ КъБР-м и Сату-промышленнэ палатэмрэ лъэныкъуэ куэдкIэ зэрызэпыщIар.

ЗэгурыIуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуащ республикэм зегъэужьын папщIэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ кьалэнхэр зэгъуэзу зэфIагъэкIынр. Абыхэм Iэхуу куэд дыдэ къызэщIаубыдэ. Апхуэдэу я зегъэзэзырынущ экономикэр, хьэрычэтыщI лэжьыгъэр кьэIэтыным теухуа тхыльхэр.

ГъуклэIэ Хьэсэн Малкандуев Юсуф иритащ КъБКъУ-р палатэм зэрыхагъэхьам щыхьэт техьэу тхыльыр.

СОЛГАЛОВЭ Наталье.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым щытепсэлъыхьащ студент туризмэм зэрызебгъэужьыфыну Iэмалхэм

Мы гъэм и фокIадэм еджапIэ нэхъыщхьэхэр зэрызэгурыIуауэ щытам ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием щыIащ Урысей Федерацэм и Президентым егъэщIылIа, цIыхубз хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкIэ Урысей академием и студентхэр.

НЭХЪЫЩХЬУЭ ахэр къызытеIуихьар къэрал кIуэцIым, нэхъ хэхауэ жыIэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм турист лъагъуэхэр «щыхэщыныр щI».

РАНХиГС-м и лыкIуэхэр, УФ-м къэрал кIуэцI, къэрал щIыб туризмэмкIэ и зэгухьэныгъэм и вице-президент Тищенко Александр зи унафэщIыр, республикэм махуитIкIэ щыIащ.

ХьэщIэхэр яIущIащ академием и ректор Апажэ Аслъэн, еджапIэ нэхъыщхьэм и президент Щыхьмырзэ Мухьэмэд, сату-технологие факультетым и декан ЛIуп Тимур, «Сату щIын IэнатIэмрэ туризмэмрэ» кафедрэм и унафэщI Беслъэней Эдуард сымэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием и студент пажэхэм.

Урыс географие зэгучъэныгъэм къарита грантым къыщыгъэлъэгъуаэр ягъэзащIэурэ, Москва къикIа студентхэмрэ КъБКъМУ-м щIэсхэмрэ хэплъащ щIалэгъуалэм нэхъ ифIэгъэщIагъэныкIэ хъуну турист гъуэгуанэхэр къыхэхыным.

ЗэIущIэм хэтахэм РАНХиГС-м спорт, турист IэнатIэм и менеджментымкIэ и факультетым и декан Шойгу Иринэ фIыщIэ хуащIащ, студентхэм я турист зэщIэхъееныгъэм жэрдэмщIакIуэ зэрыхуэхьам папщIэ.

Туризмэм и унэтIныныгъэщIэр убзыхуным, ар зыхуэдэнум тепсэлъыхьыным мэкъумэш академием щIэсхэм я гъусэу хэтащ РАНХиГС-м къикIа лэжьакIуэ гупым щыщхэу Макаров Дмитрий (3-нэ курсым щIэсщ), Тюркинэ Маринэ, Харченкэ Денис, Шингарёвэ Янэ (4-нэ курс). ЩIалэгъуалэм я мурадщ къыхалъхьа турпроектыщIэр Москва и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэсхэм гъэщIэгъуэн зэращыхъур зрагъэщIэну.

ХьэщIэхэм Налшык и щIыпIэ дахэхэм зыщрагъэплъыхьащ. Апхуэдэуи ахэр яшащ республикэм и щIыпIэ тельыджэхэми: Шэджэм псыкIелъхэм, Гуэл ЩхъуантIэхэм, Iуащхьэмахуэ лъапэ.

Европэм и кIурш нэхъ лъагэ дыдэр здэщIыIэ щIыналъэр зэрызригъэлъэгъуаэр икIыжкIэ и гуапэ хуащI Тищенко Александр. Делегацэм и унафэщым зэрыжиIамкIэ, Александр и адэщхэр Iуащхьэмахуэ лъапэ дежкIэ нэмыц-фашист зэрыпхъуакIуэхэм щезэуащ.

Къэралым и турист кластерым и лэжьакIуэ хъуну зызыгъэхьэзыр ныбжьыщIэхэр апхуэдэу хэтащ Урыс географие зэгучъэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэ и щIыналъэ кьудамэм щекIуэкIа «стIол хьурейм», къэрал кIуэцI, къэрал щIыб туризмэм теухуауэ щытам.

КIУРАШЫН Заремэ,
КъБКъМУ-м и пресс-IэнатIэм и лэжьакIуэ.

Мы махуэхэм

ЩэкIуэгъуэм и 4, *щэбэт*

♦Урысейм и дзэ щIыхьым и махуэщ - ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэщ

♦1742 гъэм Черкасский Алексей (адыгэпщ) дунейм екьижащ.

♦Череповец къалэм и махуэщ. Абы и лъабжьэр 1777 гъэм агъэтIылъащ.

♦1879 гъэм дунейм щыяпэу кассэ аппарат кьигупсысащ икIи абы и патент кьыIихащ США-м щыIэ Дейтон къалэм щыпсэу, шхапIэ цIыкIу зыгъэлажьэ Ритти Джеймс.

♦1890 гъэм дунейм щыяпэу Лондон къыщызэIуахащ токкIэ лажьэ метром и кьудамэ. Метро транспорт лIэужьыгъуэр къыщагупсысари лэжьэн щыщIидзари Инджылызым и къалащхьэщ. 1863 гъэм щIы щIагъэм щызэкIуэу хуежьащ гъэсныпхъэкIэ лажьэ мафIэгугъэр.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат, къэрал, жылагъуэ лжьакIуэ, политик **Думэн Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Совет музыкант, уэрэджэIакIуэ, уэрэдус **Тальков Игорь** къызэралъхурэ илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 13, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 5, *тхъэмахуэ*

♦Урысейм Дзэ тIасхъэщIэхым и махуэр щагъэлъапIэ

♦1922 гъэм Налшык щызэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубзхэм я япэ съезд.

♦1929 гъэм Москва СССР-м щыяпэу планетарий къыщызэIуахащ. Ар дунейм щыепщыкIущащт. ГъэщIэгъуэнщ пщIыр а зэманым Германием зэрыщыIар.

♦1941 гъэм ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым унафэ кьиущтащ республикэм зыхъумэжьныгъэмкIэ быдапIэхэр щыуухуэным теухуауэ.

♦1957 гъэм Болгариием совет зауэлIщхьэхуитщIыжакIуэхэм я фэеплъ къыщызэIуахащ. Европэм псори зэхэту дзэ мемориал миниплIым нэблагъэ щыIэщ, етIуанэ дунейпсо зауэм хэкIуэда совет зауэлIрэ офицеру мелуанитIрэ ныкъуэм щIигъу щыщIалъхьауэ.

♦1967 гъэм Москва щатащ «Останкино» телецентрыр. Ар яухуащ архитектор Баталов Леонид, Бурдин Дмитрий, конструктор Никитин Николай сымэ я проекткIэ.

♦Инджылыз актрисэ, Оскар саугъэту тIу зыхуагъэфащэ **Ли Вивьен** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Франджы уэрэджыIакIуэ, композитор цIэрыIуэ **Дассен Джо** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Сурэтыщ-график **Къын Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Журт Арчыл** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 12 - 13, жэщым градуси 4 - 5 щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 6, *блыщкъэ*

♦Дыкъэзыухъуреихь дунейм и хъугъуэфIыгъуэхэр зауэ щекIуэкIым деж къэмыгъэсэбэныным и дунейпсо махуэщ

♦1492 гъэм Колумб Христофор и нэгу щIэкIащ индейцхэм я хабзэу гъэщIагъуэн дыдэ къыщыхъуар - тутын ефэныр. ИлъэсиплI нэхъ дэмыкIыу тутынир Европэми щащIэу хуежьащ, ауэрэ дуней псом щызэлъащIысащ. Урысейм ар 16-нэ лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэм къращащ.

♦1731 гъэм Урысейм и Министрхэм я Кабинет къызэрагъэпэщащ. Абы хагъэхьат Черкасский Алексей.

1930 гъэм Москва лажьэу щаутIыпщащ автомобиль щызэпкъралъхьэ заводыр.

♦1941 гъэм, Утыку Плъыжьым щекIуэкIыну парадыщхуэм и пэ къихуэу, Сталиным зобет цIыхубзым захуигъэзащ, къэралыр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм ящыхъуымэным къыхуриджэу.

♦1943 гъэм Украинэм и къалащхэ Киев нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ. Советыдзэхэр икIуэту ар бийм иратын хуей хъуат 1941 гъэм фокIадэм и 26-м.

♦1991 гъэм РСФСР-м и Президент Ельцин Борис и унафэкIэ КПСС-мрэ Урысей Федерацэм и Компартымрэ зэхуащIыжауэ щытащ.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, политик, 1956 - 1985 гъэхэм КъБР-м и унафэщIу щыта **Мэлбахьуэ Тимборэ** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

♦УэрэджыIакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **ПащIэ Ахьмэд** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Урысей кинорежиссёр цIэрыIуэ, сценарийхэр зытх, УФ-м и цIыхубз артисткэ **Сурикова Аллэ** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Быж Зарэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 10, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 7, *гъубж*

♦1917 гъэм екIуэкIа Жэпуэгъуэ революцэщхуэм и махуэщ ЦIыхухъуэхэм я дунейпсо махуэщ

♦1902 гъэм Урысейм, Тулэ къалэм, къыщызэрагъэпэщащ чэфыр щытрагъэуж Iуэхущ IапIэ.

♦1918 гъэм Совет Урысейм япэ маркэкр къыщыдгъэкIащ.

♦1928 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Акъбащ ГЭС-р щатащ.

♦1941 гъэм Москва и Утыку Плъыжьым Дзэ Плъыжьым и парад щекIуэкIащ. Полякхэр абы икIри занщIэу зауэм Iухьащ.

♦Франджы физик, химик цIэрыIуэ, Нобель и саугъэтыр тIоунейрэ зыхуагъэфэща **Склодовская-Кюри Мари** къызэралъхурэ илъэси 150-рэ ирокъу.

♦Совет тхакIуэ, «Чапаев» роман цIэрыIуэр зи Iэдакъэщ Iэкъ **Фурманов Дмитрий** къызэралъхурэ илъэси 126-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, РСФСР-м и цIыхубз артисткэ **Зелёная Ринэ** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, РСФСР-м и цIыхубз артист **Милляр Георгий** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.

♦Адыгей уэсакIуэ **ЕхъулIэ Сафар** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу. УсакIуэ, журналист **ЩоджэнцIыкIу Нурий** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, УФ-ми КъБР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лжьакIуэ **Быгуэ Хьэзрэталий** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лжьакIуэ **Къэжэр Пётр** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, журналист, жылагъуэ лэжьакIуэ **Джэдгъэф Борис** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦АР-м и япэ президент, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Джарым Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦УэрэджыIакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, АР-м и щIыхубз артист **Анзэрокъуэ Чеслав** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, тхыдэдж **Бейтыгъуэн Сэфарбий** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 12 - 13, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЖьыфI здэщымыIэм щIэфIи щыIэкъым.

● Алыдж-урым бэнэкIэ

Олимп чемпионым и саугъэтхэм щIэбэну

Адыгэ Республикэм хыхьэ Бжьыхьэкъуеижь жылагъуэм щекIуэкIащ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ зэхьэзэхуэ зэIуха, Олимп чемпион, Урысейм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, КъБР-м спортымкIэ и министр Хъущт Аслъэнбэч и саугъэтхэр къэхьыным теухуауэ щытар. Псори зэхэту абы щыбэнащ Урысейм и щIыналъэ куэдым щыщ спортсмен ныбжьыщIэ 200-м щIигъу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым икIа бэнакIуэхэм зэхьэзэхуэм къыщахьащ медаль зэмылIэужьыгъуэу 18. Зыхэта гупхэм пашэ щыхъуащ Наурыз Мухьэдинрэ (кг 53-рэ) Тебэрды Тауланрэ (кг 63-рэ).

Дыжьын медалхэр зыIэрагъэхьащ Къумыкъу Казимир (кг 26-рэ), Бекъул Мурат (кг 38-рэ), Балъкъэр Елдар (кг 47-рэ), Мамедов Аслъэн (кг 53-рэ), Наурыз Мухьэмэд (кг 63-рэ), Гъубж Аскэр (кг 85-м щIигъу) сымэ. Ещанэ хъуахэщ Уэтэр Мурат (кг 26-рэ), Уэртэн Руслан (кг 29-рэ), Лукьяев Руслан (кг 29-рэ), Азэмэт Къазбэч (кг 32-рэ), Баппинаев Къурмэн (кг 35-рэ), Щауэ Сэлим (кг 38-рэ), Коциев Абдурахьман (кг 42-рэ), Крамин Роман (кг 42-рэ), Казиев Сослъэн (кг 73-рэ), Чэрим Алим (кг 85-м щIигъу) сымэ.

КЪЭХЪУН Бэч.

ЩІалэгъуэ

Нанэкіуэціыр зыгъэхьэзырар Щомахуэ Залинэщ

Пшынэхэм гъащІэщІэ езытыж

● Щэфлъэ

Ди «ЩІалэгъуэм» и хьэщІэ Шорэ Мухьэдин щІалэми Іэщ1агъэ зызрипщытар тыншхэм ящыщкъым. Иджырей щІалэгъуалэм Іэпэ1эсэ куэд яхэтми, Мухьэдин хуэдэр закъуэтІакъуэщ. Абы адыгэ пшынэ Іэзэу ещІ, треухуэ, пасэрей пшынэжьхэр зэрегъэпэщыж.

ЩІАЛЭЩІЭР Урыху щыщщ, ауэ кьиухар Налшык дэт школ №3-рщ. Езым зэрыжи1эмкІи, Іэщ1агъэ хуэхъуам и кьежьапІэр курит еджапІэращ. Іэпщ1эльэпщ1агъэм щ1ыхуагъасэ дерсхэмкІэ школым щ1ешыгъаджэу щ1ита Кьубатий Владимир езыр зэрыЗэпщ1эльапщ1эм и мызакъуэу, ныбжьыщ1эхэри а Іэзхум хуэІэ ижь зэрищІыным яужь ит эзпытт.

Пхъащ1э Іэзэгъэр псынщ1эу къ1эзыгъэІурыщ1а Мухьэдин и адэ шыпхъум деж щ1ы1эу ятэу пшынэр кьиущэри, хуэгъэтІыпэжакъым. Абы зэрыжи1эмкІэ, пшынэм хуищ1а фІыльагъуныгъэр куэдкІэ игъэбгъуащ Къуэдз І1эбубэчыр пшынэ еуэным хуригъасэ гупым зэрахэтам. А пшынауэ Іэзэм и Іэщ1агъэм хуиІэ бгъэдыхьэкІэм щ1ал1эщ1эм гу лъимытэу кьэнакъым. Пхъэм хуэІэкІуэлъакІуэ, пшынэр фІыуэ зылъагъу щ1алэм курыт еджапІэр кьиуха иужькІэ, куэдрэ мыгупсысэу, пшынэ ищ1ыу зригъэсэну мурад ищ1ащ, ауэ ди республикэм ущ1езыгъэсэн зэрыщ1ымы1эр къ1ущ1ащ1эм, Осетие Ищхьэрэ-Алание щ1ылажьэхэм запищ1эри, лажьэн щ1идзащ. Иджыкі1э абы пшынэм кьиущэмы1ащ1ауэ, пхъэщ1ыч, пхъэтІаркъэ, хьэтинкІуэ башхэри І1эзэу ещІ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым пшынэ зыщ1ыж зэримысыр къ1ущ1ащ1эм, а Іуэхум куэдкІэ нэхъыбэу сытегушхуащ. Сыт хуэдизу унагъуэм пасэрей пшынэжьхэр яхъумэрэ?! Абыхэм гъащ1эщ1э ептыжьыр, я бзэр кьиБгъэкІыжьыну си дежкІэ куэд и уасэщ. ИтІанэ, сытым хуэдэу гуэхэкъуэ пшынэщ1э пщ1ыныр...» - жеІэ щ1алэщ1эм.

Мухьэдин къ1алэм кьиузэрщ1ыхъуам емы1ьытауэ ущ1ымыгуфІыкІынкІэ Іэмал имы1эу, адыгэбзэ къабзэ Іурыльщ, адыгэ хабзэр и1ыгъщ. Абы зэрыжи1эмкІэ, къ1ыхэкІа Іъэпкъыр фІыуэ зэрилъэгъуар я фІы1ущ1эр а къ1ущ1ихуэ унагъуэм, ИтІанэ и еГъэджакІуэхэм.

«Си дежкІэ уадыгэным нэхъ насыпщ1ыкъым. Псом хуэмы1дэу сы1ущгофІыкІ Іъэпкъым ди щ1ыхэр Іъагъу щ1эт1этын махуэ Іъаплъэхэм, щ1ыхэусыгъуэхэм къ1эзрыхэхъуэм, апхуэдэ Іуэхухэм уэхъуагъуэвэ. Уи Іъэпкъ Іуэху хуумыщ1эмэ, Іъэпкъым къару кьы1здрихьнур дэнэ, зыгъ1ансэунури сыт?»

Мухьэдин щ1ылажьэ «Фандыр» ООО-м пшынэ я1щ1ыу Іы1ыу 15 щ1ы1эщ, езым нэхъыр нэхъыщІэ яхэткъым, адрейхэр ныбжь зи1э заущ1эщ. Адыгэу абы Мухьэдин и закъуэми, ар зыхэт Іуэм хуабжьу фІыуэ кьы1ьагъу, хэти чэнджащ1кІэ, хэти Іуэхуклі1э кьы1здоІэпыкъу, абы зызрипщ1ыта Іуэхур кьехъуІпэмэ яфІэфІу.

Адыгэхэм пІэщ1ыГъуэ бжыгъэ хъуауэ хьадзгъуэгурыкІуэ фащ1эр, Іэпкъльэпкъыр зыгъэдахэ фэилъхьэгъуэ къудейкъым, ар ди Іъэпкъым илъэс мин бжыгъэкІэ къизэуа и нэмысым, щ1ыхьым щ1ыщ Іыхьэ гуэрщ. Ар зекІуэми, зауэми, гуфІэгъуэми, гузэвэгъуэми докІу, и кьалэн нэхъыщхьэр а зи гугъу тщІа Іуэхуэр зыщ1агъэм диГъэпсынщ1эныр щ1.

***Гу лъымытэнкІэ Іэмал и1экъым иужьрей зэманым ди Іъэпкъ фащ1эр куэдым къ1ызращ1эжам, абы унагъуэхэм хуэфащ1э пщІэ зэрыщ1гъуэтыжам. Адыгэ фащ1эр, Іъэпкъ хабзэр зи псэм хэль, Іъэпкъ Іуэхум хуэжьджэрхэм ящ1ыщ Бахьсэн щ1ынальэм хьыхь Ислъэмей къуажэ къ1ущ1алъхуэ Шопар Алан и щ1эр нэхъапэм мыз9-мыГ1эу зэхэфхуэу къ1ущ1экІынщ - илъэс зыбжанз и пэкІэ абы зэхуихьэса адыгэ пшынэжьхэм я гъэлъэгъуэныгъэ гъащ1эгъуэн Сэралъп Мадинэ и Арт-центрым щригъэкІуэкІауэ щ1ытащ. Езым дыззрыщ1игъэгъуэзамкІэ, и пшынэхэм иджыри хьахегъахъуэ, къ1ущынмы1ащ1ауэ, Іъэпкъым и Іуэжь зытелъ нэгъуэщІ зыгуэри зэхуихьэсащ, мыгувэу абы и гъэлъэгъуэныгъэкІэ дигъэгуфІэну дыкъ1игъэгуГащ.*

Шопарыр яхэтщ Іъэпкъ махуэшхуэхэми, махуэ къ1ызрыгуэкІхэми Іъэпкъ фащ1э ящ1ыгъуэ зэхьыхьэхэм екІуалІэхэм. Зэ Іуп1ъэгъуэкІи нэрылъагъуэ ар фащ1эм зэрыригушхуэр:

- Ялэ дыдзэу фащ1э щ1ыщ1стІэгъам ильэсищ сыхьуу арат. Курыт еджапІэм сыщ1ы1этІысхьам къэфакІуэ гупым сыхагъэхьэри, абыи адыгэ фащ1эр щ1ысщ1агъ. Хуабжьу сригушхуэу МГУ-м я этнографие музэйм фащ1кІэ сыхуэпауэ сыкъ1ущ1ипсэпъауэ щ1ытащ. Къ1ыхэзгъэщ1ыну сыхуейт сэ си гупсысэр тэмэму зэтеуВэными1кІи, адыгэ Іуэхум сы1эзрыдихьэхамкІи Къ1ардэнгъущІ Зырамыку и фІы1щ1эшхуэ зэрыхэлъыр. Ар зэрысцІыкуэ зэман кІэщ1ым куэд дыдэ къ1ызбгъэдилъхьэн хуэзфІэкІат, сэри, си адэшхуэм хуэдэу, фІыуэ сльэгъуат а щ1ыхуэ угъурлыр.

Сэ сы1эрелпъымкІэ, уадыгэн щхьэкІэ фащ1э пщыгъын хуейкъым, ауэ уадыгэу фащ1э пщ1ыгъынир, фІыгъуэмы1ьытэщ. Ауэ щ1ыхуэкІи, фащ1э пщ1ыгъ1эр бзэр умыщ1эмэ, мы1ьэнэ Іъэпкъ и1экъым. Фащ1э зэрыщ1атІагъэ къудейм щхьэкІэ адыгэ хъууэ къ1ызыщ1ыхуэ щ1ы1эми, къопц1э. Сэ къ1ызрысл1ымкІэ, иужьрей зэманым Іъэпкъ фащ1эр нэхъыбэм къ1ызращ1эжар, лъым хэт Іъэпкъ Іъагъуныгъэм и фІы1ащ1. А Іъэпкъ Іъагъуныгъэм я фІы1ащ1. Си дежкІэ Іъэпкъ фащ1эр Іъаплэнэгъэшхуэщ, фащ1эр зэрыщ1ыту щ1ы1эмыТІагъэми, абы и пкъы1ГуэхэМ щ1ыщ1ыхьыщхьэ щ1ы1эмыгъэщ1ыну.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

ШОПАР Алан: Ди лъэпкъыр фІыуэ зэрытлъагъур ди гъащІэм и1уэтэжынущ

Жыкъуэ Армидэ Аруан щ1ынальэм хьыхь Псыгуэнсу къуажэм дэт курыт еджапІэ №1-м щ1одкэ, 8-нэ классщ. Жьы и1эуэхэр фи пащхьэ и1ольхьэ. Дыщогугъ пщащэ ныбжьыщІэр хущІемыгъуэжу тхэну, Іъэпкъ литературэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщІын тхакІуэ къ1ихэкІыну.

ЖЫКЪУЭ Армидэ Аруан щ1ынальэм хьыхь Псыгуэнсу къуажэм дэт курыт еджапІэ №1-м щ1одкэ, 8-нэ классщ. Жьы и1эуэхэр фи пащхьэ и1ольхьэ. Дыщогугъ пщащэ ныбжьыщІэр хущІемыгъуэжу тхэну, Іъэпкъ литературэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщІын тхакІуэ къ1ихэкІыну.

● Къ1алэмыр къ1ъэщ1тагъащ1эхэр

Армидэ и япэ усэхэр

Рио-де-Жанейрэ щекІуэкІа Олимп джэгухэм дыжьын медалыр къ1ущ1эзыхьа Джэду Іэниуар хуэотх

Адыгэхэм ди щ1ала5 бланэр,
Дуней псом я1ыхур ар,
Абы и щ1эр Іэнинуарщ,
Ди пщІэр лъэпкъым и1этащ,
Щ1ыкІун нин дыгущхуащ.
И щхьэ щ1ымысхьыжу ар,
Ди лъэпкъ щ1ыхьыр кьилэжьащ,
Ди дал5ху лъапІэ дынохъуэхъу,
Уэ5рыдиЛ1ыхъужьри мыщэху,
Уи нэхъыжьхэр кьыщ1ухьэщ1ту,
Бын и хъери ущ1ымыщ1ау,
Уи щ1ыр хъуну нэхъ лъагэж,
Адыгэбзэри пІурылъыжу,
Уэ5гъэсахэри щ1ымыгъущ1эу,
Лъэпкъым куэдрэ тхуэпсэу.

Адыгэбзэ

Адыгэбзэу си бзэ дахэ,
Зи инагъыр къурш щхьэщ1ыгу,
Си дахагъэри уэркъ щ1ащэ,
Зи къабзагъэр мэз акъужь.

ІэфІагъ псоми еІэфІэкІыж,
Гушхуэныгъэ кьыхсхэзы1ьхъэ,
Псом нэхъыфІу сэ сльэгъуа,
Псэм фІы1эфІу си бзэ дахэ.

Нанэ и гъафІэгъыбзэу,
Гущэкъу уэрэд лъэрыхь.
Гухэлъ кьы1эрыГ1уатэу,
Гурыщ1э гъабзэрабзэ.

Си щ1ыналъэ

Лъахэу щ1ы1эм я нэхъ дахэ,
Лъахэу щ1ы1эм я нэхъ лей.
Кьы1эреш абы пшынальэ,
Еуэт І1эгум, Къэбэрдей!

Си гукъеуэ пхузо1уатэ,
Си гухэлъ пхузэ1уэзх.
Си адыгэ лъэпкъ дахащэ,
Уэ си гъащІэм ущынищ.

Тхьэмадэ жьакІуэхуэгъэ щ1ыпашэ,
Зи щІэблэр гъэсауэ хэкуфІ.
Си ныпыр щхьэлъагэ,
Си жьэгу мыужьых.

ЯХЭГУАУЭ Берд

Гузэсэжын

Рассказ

Нэчыхьыхтх къэкІуэнэхэм пэплъэу пэшым щІэс гупым зылІ къ1ахэпсэлъыкІри «Сэ фызэмыдэІуэн гуэр фезГъэдэІуэнщ», - яжриІащ. ЖьантІэм дэс нэхъыжьым ар щ1ыз1ихым «Тхъэ соІуэ, Мухьэжид, ар гупыж пщІы1эу кьыщ1ебгъэжьакІэ, гъэщІэгъэн гуэру гуурыщ1эу сощІмэ, кьэІуатэ мыдэ», - къритыжащ жэуап.

«ЯтІэ, фыкъедаІуэ. ГьунэгъуфІ гуэр диІащ Ямыдэкі1э еджэу, ауэ нэхьыбэр абы зэреджэр Гузэсэжынт. Абы щІэлей щ1ьфІащ1ами хьыбар и1эщ. Нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэр ди къуажэм къ1ущ1ыдыхьам Ямыдзхэ я пэш ипщэм зы нэмыцэ офицер къ1ущІэтІысхьати, Ямыдзу плъагъур абы ирибампІэу шхыдэрт. «Алыхь къ1ущІэзмыгъэтІысхьэн, зрыдэм гуэрыгъэ мы гузэсэжыным», - щ1ыжи1экІэ, фашистым Іуэхур зытетыр къ1ыгурыІуауэ и нэхэр Ямыдэ къ1ытриубыдауэ къеплъырт.

Ямыдэ и щхьэгъусэ Мурадин къ1ущгузэвауэ и щхьэгъусэм хуогубжь: «Уи тІуалэр зэтепІэ, мыхэр зэрыгущІэгъунщэр умыщІэу ара? УаукІынщи, псэ яГъэнауи къащ1ымыхьау емы1ыжьжмэ».

Къуажэм жащ1кІэ партизанхэр къ1ыдыхьэурэ, нэмыцэхэр зэкъуэхуауэ зэрауКІыр офицер къэрабгъэжьым щ1ызэхихым пшапэр зэрызэхэуэу пэгунымьжыр щІехьэ, пэшыр и кІуэцІымкІэ къеГъэбыдэжри, мыдыму нэху щ1ыху щ1эсц. Пщэдджьжьым пэгуныр къ1ущ1ихыурэ бжэІупэм къ1ыуикІэртр, куэд дэмыкІыу бжэІупэм уІымыхьэфу бамэ къ1ыІуих хъуат. Унэгъащ1эр абы ириз9-гуэпырт.

Пщэдджьжь гуэрым, Ямыдэ жэмыш къ1ущІэкІауэ, пэгун и1ыгъыу пырхьэм тет офицерым ирихьэлІащ, Ямыдэ куэд щІауэ зыхузэгуэп нэмыцэм и щІы6кІэ къ1ыдыхьэри «Это не кабардинскэ закон, гузэсэжьн», - жеІэ йоІунщІри, офицерыр пырхъуэм хъеруТІупщхьэх. Ар зылъэгъуа Парий кьожэри фашистым йопхъуэ. Нэмыцэ гужьеям здигъэзэнури имыщІэу кІэрахъуэу зыкъомрэ щ1ытащ. ИтІанэ зыкъ1ущІэжри, унэм щІэлъэдэжащ и кІэрахъуэр къ1ущ1ихыну. АпщІондэхукІэ Ямыдэ зигъэбдзэхащ. Зэрызехьэ макъыр зэхэзыха Мурадин къэхъуар къ1ыгурымы1уэ къ1ущ1экІмэ, Парий лъ1ыпсыр къ1ыпыжу щ1ылъщ. Ямыдэ щ1ымыльагъэм, Іъхъур зыхетыр къ1ыгурыІуэри, щ1ыхьажащ.

Зэманми дэкІыжащ абы льандэрэ, нэмыцэхэри ди хэкум ирахужри, дунейр мамыр хъужащ. Ямыди нобэр къ1ыздэсым зытригъэгуСэркъым щ1ыхуэхэм къ1ыфІащ щ1ыр лейм.

Абы хэту щ1алэ пІырыпІ щ1ыкІур «Нэчыхьыхтыр къэсащ», - жи1эурэ пэшым къ1ущ1эпъэдащ.

● Лъэпкъ Іущ1ыгъэхэр

Дунейр зы щІыхум хухахакъым

♦Бзур зыІэтыр дамэщ, щ1ыхур зыІэтыр акъылщ.
♦Гуащэрэ пэт данэ к1ана щ0щІэ.
♦Гум и1ыр фэм къеІуатэ.
♦Гур мыгъмэ, нэр гъыкъым.
♦Псым хэль пхъэр мэфри, фэм дэль гур мэбампІэ.
♦Зэ зи бзэгу телъым Іэфі щ1ыщ1ыж кьыфІощІ.
♦Жьы умы1эмэ, щІэн уп1экъым.
♦Жамы1а щ1ы1экъым, ямыщ1а мыхъумэ.
♦Дж9гу пэтрэ нэ иращ1.
♦Дзыгъэу нэисейр щэм етхьэлэ.
♦Дунейр зыгъэнэхур зы дыгъэщ.
♦Делэр гуГъэурэ жьы мэхъу.
♦Гум емыкІур нэми екІукъым.
♦ХьэщІэм и ерыскъыр къ1докІу.
♦Хамэм ухуэмыубэ, быным ухуэмыдзыхъ.
♦Фіыуэ слъагъум хуэмыщІэнур сремыІэ.
♦Фыз бзаджэр л1ыгъжьщ.
♦Уи1эрыс си бий нэхьрэ уэщ1ыб - бинщэ.
♦Уи адэр фІамэ, уэ уи щ1ытхъукъым, къуэфІ уп1амэ, къ1ипщ1ытхъунщ.
♦УзыукІыр уи бийщи, ущІэзы1ьхъжьр уи къуэшщ.
♦Пщащэр щалъхуэ унэм я хъщІэщ.
♦Нысэм зэхихуэ уи пхъэм еущ1е.
♦Лъагъуныгъэр дахагъэ-Іенгъэжьм.
♦Къуэш зимы1эм башым Іэп1Іэ ирешэкІ.
♦Къуэм и псэр анэм и псэфы1эщ.
♦Къуэр нащІэщІи, пхъэр набдзэщ.
♦Уи псалъэ гъэІэсн, уи нэмыс гъзбыдэ.
♦Зи бзэ Іэфіым бл9р гъэмбым кьреш.
♦Дунейр зы щІыхум хухахакъым.
♦Уи жагъуэгъуэм уи псэр ептми, уи щхэу иумыт.
♦Бей жей еэрГъыркъым.

Адыгэ хъыджэбзым Голливуд къызэригъэІурыщІар

Ди лъэпкъэгъу бзылъхугъэ Жэман Іэминэ щІы1пІэ куэдым къ1ущ1ыхуэ режиссёр Іэзэщ. И лажьыгъэхэм дунейпсо зэпеуэхэм пашэныгъэ зэрыщ1аубыдар къэплъытэмэ, абы щэч къызытумыхьэжьын зэфІэкІ зэрыбгъэдэлъыр уи фІэщ мэхъу.

«ЗЫПЛЪЭРЫУВА Іэнатіэм уэ псори щ1ыпхуэщ1эу щ1ытын хуейщ», - щ1ыжеІэ абы Hollywood World Magazine (Лос-Анджелес, США) кьы-дэкІыгъуэм ирита интервьюм. Кино техыным екъуэлІэныгъэ щ1ы1эрыбгъэхъэну уэхуейм9, щ1ыжІэу, дал5э пхъэгъу ущ1ытпхъэщ. Сыт хуэдэ Іуэху хьэлъэ къ1иппэщ1ыпи, нэфІэгуфІагъэр уи нэгум имыкІыу ар зэрызэфІэпхын къару къ1ипп1ыкъ1эжкІын хуейщ. Мыхьэнэзхуэ и1эщ зи яужь уихьэ Іуэхур уэ къ1ызэрыпфІэ1эхум, абы епхьэлІэ къарум».

Голливудым щ1ымащІэкъым зэфІэкІ инхэр къ1эзыгъэлъагъуэ хъыджэбзэмрэ щ1алэхэмрэ. А унэтІыныгъэм бзылъхугъэу хьыхэр куэдми, кино техныкмкІэ бжьыпэр зыІыгъыр иджыри Цыхухъэрыщ. «Variety» журналым ыкІи ЗыгъэрзэльэгъэмкІэ, 2016 гъэм США-м щытрахахэм ящ1ыщу щІэзрыІуэ хъуа кино 250-р тезыхам и процент 90-р щ1ыхухъэрэщ.

Жэман Іэминэ Нью-Йорк щопсэу. Абы Іэзэу зэдехь кинорежиссёр, композитор, критик, театрым и унафэщ1ым и кьалэнэкІ.

«Золотой абрикос» (Ермэлы, 2013 гъэ, и япэ фильмым и екъуэлІэныгъэм хьыпэкІуэу), «Ступени» (Украинэ, 2013 гъэ, сценарий нэхъыфІ зэритхам, бзылъхугъэм и роль нэхъыфІ зэригъэзэщ1ам, апхуэдэуи зауэм пэщ1этыным хуэгъэпса клип нэхъыфІ и Іэдакъэ кьызэрыщ1экІам папщІэ), Нью-Йорк щекІуэкІа Албан кино кьыхэхам и тхьэмахуэм (США, 2013, «Право любить» киномпащ1э), «Славянская сказка» (Болгарие, 2016 «Человек кино»), Адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестивалым я саугъэтхэр (УФ, 2014, 2016 гъ.гъ) нэгъуэщІ куэди кьыхуагъэфэщащ абы.

Дуней псом къ1ущ1ыхуу кинокритикхэр хуабжьу щ1ытхъуащ «Right to love» («Право любить», США, 2012), «Before Breakfast» («Перед завтраком», США, 2014), «The Movie Man» («Человек кино», США, 2016). Абыхэм къ1ущ1ымы1ащ1эу, 2017 гъэм абы театрым щигъэува «7 дней. 7 ночей», «Верная жена» пьесэхэм ехъуІпэныгъэ ин яІащ.

Hollywood World Magazine къ1ущ1экІыгъуэм и щІэджыкІакІуэхэм я пащхьэ ирилъхьа интервьюмкІэ а творческэ щ1ыхур нэхъ гъунэгъуу къ1ащ1ыхуну Іэмалыф1 яІащ.

- Дапщэщ кинор фІыуэ щ1ыпп1агъуэр?

- ИтІэсэмпІ фІэкІа сыхъуртэкъым Индием я актёр Чакраборти Митхун хэту «Танцор диско» кином сыщепІьам. А киноращ сэ кьафэм сыдезыІэхьэхар. КьэфакІуэ фащ1эхэм, сюжетхэм, хореографием сыдихьэхырт. Псом нэхъыщхьэращи, кинохэм фІыр ем зэрыщ1ытекІуэр хуабжьу сфІэфІт.

- Режиссёр уХъуа иужькІэ, кином и дунейм сыт щІэуэ къ1ущ1ыпщІа?

- «Право любить» кином сыщ1ыщ1джэгум, режиссёр цІэрыІуэ Курти Пол сыбгъэдыхьэри «Иужьрей дублим фІыуэ сыджэгуа?», - жысІэри сеупщІати, «Кинор зэрытетха махуэ 19-м фІыуэ ущ1ымыджэгуа зы дубли щ1ы1эуэ схужьІэнуКъым», - къ1ужьКІат. А псалъэ Іуэпэжэм гушхуэныгъэ ин къ1ысхалъхьат сэ, а фІэщ1ХъунЫгъэраУэ жыпІэ хъунущ актёр лэжьыгъэр сыт щ1ыгъуи тыншу къ1ущ1ыз9ЫхъуІэр. Хуабжьу сыхуэзарэзыщ1 Пол, - дэ зэгъэсу тетхащ дуней псом фІыуэ щ1ащІ1эр къ1ущ1ыхуну Іэмалыф1 яІащ.

- Уэрыдзэжьа актерхэм ящ1ыщу хэт нэхъ уигу ирихьар икІи сыт абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар?

- Мексикэм я актёр цІэрыІуэ Чапаррэ Омар, Албан кино куэдым хэта Мани Павлини сымэ кьищ1ымэщ1ащ1эуэ, Голливудым и вагуэзэу Стоун Шон, Диминч Джек, Тактаров Олег, Зекавице Петр, Беджети Лиуан, Расселлэ Леонард, Фигередэ Марие, Анжеликэ сымэ я цІэ кьисІуэну сыхуейт. Урыс театрым и актёр Кемпэ Сергей хэту спектаклитІ зэгъэувауэ щ1ытащ. Ахэр я актёр ІэзэгъэкІи, гушыІэ дахэкІи, цІыхуфІагъкІи си гуэри Іэфіу къ1инащ.

- Режиссёр бзылъхугъэр сыт и лэжьыгъэм дезыгъэхьэхьыр?

- Зыми. «Режиссёр сыхъуну сызэрыкІуэмеяр» фІэщ1гъэм щІэту зэгуэр тхьылъ къ1ыдзэгъэкІынущ. Сэ сыгъэкІуэ сфІэфІщ уэрэд жыІэныр, утыкум сыщыджэгу, актёр Іэщ1агъэм студентхэр хуезгъэсэну. Адрей псоми сыщ1елэжьыщ си мурадыр гъащІэм хэспщэн папщІэщ.

- Щ1ыхум сыткІэ ягу укъ1ынэну ухущ1экъуэрэ? Сыт хуэдэ мурадхэр уиІэ?

- Щ1ыхум и гъащІэм нэхугъэ, гурыфІыгъуэ гуэр хэслъхьэнри сэркІэ насыпышхуэщ. Гъуазджэм, щ1ынэгъэн хуэсщІа хэлъхьэныгъэмкІэ, си уэрэд дахэхэмкІэ щ1ыхум ягу сыкъ1ынэну сыхуейщ. АМ\NА THEATRE фІэщ1агъэм щІэт си театрым спектакль куэд щ1ызгъэшву сощІохьэупс, апхуэдэуи Лас-Вегас си шоу сыщІи1эжьыну, си гупыр сщ1ы-гъуу дуней псом зыкъ1ыщ1ыгъэлъэгъуэну, фІыуэ слъагъу актёрхэмрэ музыкантхэмрэ садэлэжьэну, Оскар, Тони, Лоуренс Оливье, Эмми, Грэмми, «Пальмэ дыщэ къудамэ» Канн саугъэт лъапІэхэр си лэжьыгъэхэм кьапэкІуэну сыщІохьэупс.

- Уэ5ухуэзэ, уэ5дэлэжьа щ1ыхуэхэм ухурагъэсауэ ехъулІэныгъэм и щэху зыбжанэкІэ къ1ддэгуашэт.

- Уи зэфІэкІыр уи фІэщ хъужу улэжьэныр, хуабжьу гугъущ, ауэ ярыншауэ зыри кьэхъуІэнукъым. Хуабжьу сыхуейт си ехъулІэныгъэмкІэ фІыщІэ зыхъэсщІын егъэджакІуэ гуэрым и цІэ кьисІуэну, арщхьэкІэ, сэ апхуэдэ сиІакъым. Си ехъулІэныгъэм и гъэгур тыншу щ1ытакъым, си гур зыхуеІэм сыкІэпъыкІуаУэ аращ.

- Режиссёр Іэщ1агъэм дауэ зыхуебгъэсат?

- Институтым сыщ1ещ1джэм зэи роль кьызатрэтыкъым. Куэд мыщІэу сэ кьызгурыІуагъ актёру сыджэгуну сыхуеймэ, сэ езыр режиссёр сызэрыхъупхъэр. Ди егъэджакІуэхэр кьызедджэхэм зэрадзэлажьэм зэпыу имы1эу сакІэлъыпп1ырт икІи куэд дэмыкІыу сэ кьызгурыІуауэ дунейр режиссёрым и нэкІэ зэрысльагъур.

Экзаменхэр щ1ыттым сэ спектаклым къ1ущагъэсэбэпыну хьэпшыпхэмкІэ жэуаплынигъэ схьыну кьыстралъхьат, ГИТИС-м и егъэджакІуэхэм апхуэдэу си гъащІэр есхьэкІыну къ1ащ1ыхъу къ1ущ1экІынт...

И пэм щ1ыщІадзауэ и кІэм нэсыху псори езым зэзгъэщІожащ, зэи кином сыщ1ымылажьауэ, щ1ыхуГъэшхуэхэри симы1эу. Иджы си студентхэр кьызэ1ущІа иужькІэ яжы3оІэ, кино техыным теухуауэ апхуэдиз дыдэ сщІэну сызэрыхуэмеяр. Ауэ щ1ыхуЫкІи, роль нэхъыщхьэ бгъэзэщІэну ухуеймэ, кином егъэщІы1а псори а Іуэхум уэ пхуэдэу дебгъэхьэхьыфІпхъэщ.

- Сыт хуэдэ фильмэр бгъэувыну пфІэгъэщІэгъэн?

- Гушы1э зыщІэлъхэр, цІыху цІэрыІуэхэм я гъащІэр кьы-зэрекІуэкІар зи лъабжьэ кинофильмхэр тесхыну сфІэфІщ.

- Нобэкіэ сытым уелэжьрэ?

- Театрым лэжьыгъитІ щ1ызогъэув, зы кино инми яужь ситщ.

- Уэ дауэ уеплърэ, Голливудыр зэрыщ1ыту къэтщІэнщи, бзылъхугъэхэм я увыпІэ щ1ауфыдыжьа?

- Сыт хуэдэ Іуэхуми, лэжьыгъэми щхьэхуэу бгъэдыхьэпхъэщ, ар ирекино е ирешоу. СызэрелпъымкІэ, щ1ыгъыниджэ бзылъхугъэ зэраджьІакІуэхэмрэ актриСэхэмрэ дунейр хуэныкъуэжкъым. Апхуэдэр арыншэми куэдщ. ЦІыхухэр зыхуэныкъуэр уэрэд дахэщ, уэсфІщ, унагъуэр зэгъуэсу зэпІъ хъуну кинофильмщ, псалъэм папщІэ «Один дома» фильмыр, удэзыльхэх тхылъхэр, гушы1э дахэр, насыпыр зи лъабжьэхэрщ.

- Голливудым щ1ылажьэ бзылъхугъэ-режиссёрхэм ятеухуауэ цІыхухэм сыт жаІэу зэхэпхмэ нэхъ къап-щтэрэ?

- Режиссёр бзылъхугъэм и кином ахъшэ зэлпъхьэмэ, абы лІыхъужьыгъэ хэлъу, пьэпощхьэпо псоми ёмы-льытауэ, Іуэхур и кІэм ни-гъэсынурэ, а Іуэхум мы1ьку ин къ1ухихьжьнущ, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, режиссёрбзылъхугъэм и зэхэщІыкІыр нэхъ куущ.

● Шхыныгъуэхэр

Джэш хьэнтхъупс, хугу хэлъу

Джэш лъэсар псы щІыІэм халъхьэри, мафІэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафІэр цІыкІу ящІри, шыуаныщхьэр техаэу дакъыкъэ 25-30-кІэ ягъавэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. А псыр иракІут, шыуаныр ятхьэщІ, псывэ щІакІэжри, тхъурымбэр къытрахыурэ сихьэтитІ-тІурэ ныкъуэкІэ ягъавэ. Вэным дакъикъэ 15-20 иІэжу шыгъу хадзэ. Джэшыр зыхэвыкІа псыр иракІут, шыуаныр ятхьэщІри джэшыр иракІутэж. Абы шэ гъэпщта щІакІэ, зэ къытрагъэкъуалъэри хугу лъэса халъхьэ, зэлащІэри шыуаныщхьэр трапІэ. МафІэ щабэм тету хьэзыр хъуху, дакъикъэ 15-18-кІэ ягъавэ. Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсым бжьын гъэлыбжьа традзэ, шыуаныщхьэр трапІэри дакъикьитхухыкІэ щагъэт. Пщтыру Іэнэм трагъэувэ фалъэм иту, шатэпс текІауэ. ЩІакхъуэ е лэкъум дашх.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ): джэш плъыжьу - г 50, хугуу - г 20, ящэ зэрагъавэ псы- уэ - г 1000, етІуанэу зэрагъавэ псыуэ - г 1000, шэуэ - г 400, шатэпсу - г 40, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз; бжьын гъэлэбжьам: тхъууэ - г 30, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 30, шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

Лы гъэгъупцІам къыхэщІыкІа лыцІыкІулыбжьэ, шыпс щІэту

Былымыл гъэгъупцІар г 8-10 хъу тыкъыр цІыкІуурэ ящупщатэ, псы хуабэкІэ ятхьэщІ, шыуаным иралъхьэ, псы щІыІэ щІакІэ, зэ къытрагъэкъуалъэ, мафІэр цІыкІу ящІри шыуаныщхьэр тепІауэ дакъикъэ 30-35-кІэ ягъавэ, тхъурымбэри къытрахыурэ. Абы и ужькІэ лым къышцІэна лэпсыр щІагъэжри, нэгъуэщІ хьэкъущыкъум иракІэ. Шыуаным къина лым тхъу халъхьэ, мафІэм трагъэувэжри чымчыркІэ зэлащІэурэ дакъикъи 2-3-кІэ ягъажьэ. Бжьыныщхьэ упщІэта, шыбжий сыр хьэжа, гуэдз хьэжыгъэ ухуэнщІа хакІутэ, зэлащІэурэ дакъикъи 3-4-кІэ ягъажьэ. ИтІанэ мафІэр цІыкІу ящІ, лэпс къышцІагъэжар хакІэжри зэлащІэурэ дакъикъи 3-4-кІэ трагъат. АдэкІэ шатэ халъхьэри, хьэзыр хъуху дакъикъи 5-6-кІэ аргуэру ягъажьэ. Лыбжьэр щащІкІэ лэпсыр шыугъэІуэмэ, ар къыщІагъжри зэщыщхъу хъуху псывэ щІакІэ. Пщтыру яшх, пІастэ, щІакхъуэ, лэкъум, мэжаджэ, чыржын и гъусэу.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ):лы гъэгъупцІауэ - г 200,псыуэ - г 690-рэ,тхъууэ - г 40,гуэдз хьэжыгъэу - г 10, бжьын укъэбзауэ - г 5,лэпсу - г 260-рэ,шатэу - г 50,шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Модельер цІэрыІуэхэр

Армани Джорджио

Армани Джорджио и цІэр зэхэзымыха цІыху къэгъуэтыгъуейщ. Итальян дизайнерым модэм и дунейм хьэпшып тельыджэ куэд къыщигъэщІащ - ар щыгъын, зэрызагъэщІэращІэ, унэр зэрагъэдахэ хьэпшып ирехъу.

ДИЗАЙНЕР цІэрыІуэм и лэжьыгъэр къыщыщІидзар Милан и универмагхэм я зырщ. И ныбжьыр илъэс 30 щрикъуам абы ищІэрт щэкІэхэм я зэхэлъыкІэмрэ цІыхухэм щатІэгъэну яфІэфІымрэ. Аращ модельерым и Іэзагъым лъабжьэ хуэхъуари. Илъэс бжьжанэ нэхъ дэмыкІыу езым и цІэр зезыхьэ цІыхухъу щыгъынхэр иду щІидзащ.

Джорджио ящэу игъэлъагъуэ щыгъынхэр цІыхухъу классикэ костюмхэрщ. Зы илъэс нэхъ дэмыкІыу, 1975 гъэм, абы цІыхубэ щыгъынхэр иду щІидзащ. А гъэрауэ жьыІэ хъунущ «Армани и империем» щІэдзапІэ хуэхъуар. Абы щыгъуэ дунейм къытехьащ Джорджио и цІэр зезыхьэ щІалэгъуалэ, спорт щыгъынхэр, зэрызагъэщІэращІэ хьэпшыпхэр. Зы илъэс докІри, Италием цІэрыІуэ щыхъуа дизайнерым Голливуд зыкъыщигъэлъэгъуэну иужь іохьэ. Голливуд актёрхэр зэщихуэпыкІыурэ, абы и цІэр дуней псом щыІуащ. Джорджио и костюмхэр, я щыкІэкІи, я пІыцІэкІи, къащхьэщокІ а лъэхъэнэм щыІа щыгъынхэм. Гир Ричард, Коннери Шон сымэ «Жигало», «Красотка», «Неподкупные» фильмхэм зэрыхэтар Армани и костюмхэрщ. Абы и фэилъхьэгъуэхэр лэжьапІэмэ щыпщыгъыну екІуу, зыщыбгъэпсэхукІи тыншу къалъытащ.

Илъэсих дэкІа нэужь, езым и цІэр зезыхьэ ятп фирмэтыкуэнхэр къызэІуех. „Giorgio Armani S.p.A“ маркэм къызэщІиубыдэ хьэпшып, щыгъын псори щещэ. Апхуэдэуэрэ зеужьри, дуней псом фирмэ-тыкуэну мини 2 къыщызэІуех, зы илъэсым доллар зы меллард «игъэкІэрахъуэу». 1990 гъэм Армани и компаниер зэхигъэкІащ. „Giorgio Armani“, „Emporio Armani“ , „Mani“ фирмэхэм уасэкІэ зэхуэмыдэ хьэпшыпхэр къыщІигъэкІыу щІедзэ, нэхъ къулейхэми,ику иту псэухэми, нэхъ къулейсызэхэми къащхэуфын хуэдэу.

Иджы Армани щыгъын къыщІэзыгъэкІ лини 6 иІэщ: Armani Junior, Armani Exchange, Armani Jeans, Armani Collezioni, Emporio Armani (Pret-a-porter), Giorgio Armani (Haute Couture).

Армани Джорджио зригъэхъулІахэмкІэ арэзы хъууэ зэи тІысыжакъым. Арагъэнщ абы модэмкІэ и унэм цІыхубз, цІыхухъу щыгъынхэм нэмыщІ, дыхухэр, зэрызагъэщІэращІэ, пэщхэр зэрагъэдахэ хьэпшыпхэр щІыщІэлъыр.

2002 гъэм „Forbes“ журналым иригъэкІыкІа къэхутэныгъэм къигъэлъэгъуащ Армани Джорджио дуней псом щынэхъ цІэрыІуэ дыдэ дизайнеру зэрыщытыр.

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.

● Теплъэгъуэхэр

Бжьыхьэ дыщафэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Чэнджэщхэр

ЛІыфІ зи тхьэмадэ лъэпкъым и пщІэр инщ

♦И лъэпкъэгъу дэхуэхам зыхуэзымышІыр шхий и уасэкъым.
♦Зи напэ зымыкъуэмэр напэншэмэ, зи хэку зымыхъуэмэр ЛІыгъэншэщ.
♦Уи щхьэм ухуэлажьэмэ, уи жып къихьэунщ, лъэпкъым ухуэлажьэмэ, уи пщІэм хэхъуэнщ.
♦Зи бзэ зыфІэкІуэдам цІыхугъэм и нэхъ лъапІэм щыІ хощІ.
♦ЛІыфІ зи тхьэмадэ лъэпкъым и пщІэр инщ.
♦Уи щхьэм зэран хуэхъуам хуэбгъэгъу хъунущ, бгъэгъу мыхъунур уи лъэпкъым къытехьэ лейрщ.
♦Уи псэр хэлъхьи, уи бзэр къегъэл.
♦ЩІыхугъэшхуэ зыхэлъ лъэпкъым гуащІэшхуэ хуэщІ.
♦Уэыхэсым и лъабжьэ къэптІыныр уи мащэ къэптІыкъ пэлъытэщ.

ГУБЭЩІЫКІ Владимир.

● Фэ фщІэрэ?

Письмом и фІыгъэкІэ

Пасэрей алыджхэм щІакхъуэ лІэужьыгъуэу 24-рэ ягъажьэрт. Псом нэхърэ нэхъ Іэфіу къалъытэр «самидамита» щІакхъуэрат. Ар хьэжыгъэ нэхъыфІ дыдэм къыхащІыкІырт. Пасэрей эллинхэм щІакхъуэу ягъэжьэну тхьэвым хадзэкІхэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр, кхъуейхэр халъхьэрт. Апхуэдэуи иджырей пычензэхэм, бисквитхэм, пряникхэм ещхькэр ягъажьэрт.

* * *

Сахариныр ящэ дыдэу къэзыгъэтар химик Фальбергщ. Ауэ илъэс бжыгъэ куэд дэкІуэщ ар къыззэрыгъэкІ фошыгъум нэхъ рэ 500-кІэ зэрынэхьІэфІыр къыщахутар.

* * *

КІыхьагъыр къызэрабж «метр» пщалъэр Париж щыІэ щІэныгъэхэмкІэ академием къыхилъхьэри, 1791 гъэм къащтауэ щытащ. Ауэ ЩІы хъурейм и хэгъэгу куэдым занщІэу къэзгъэсэбэпын щыщІадзакъым ар. Къэбгъэлъагъуэмэ, Урысейм зэрыщыбжэ сажнэр щызэрахъуэкІар 1918 гъэм и фокІадэ мазэрщ.

* * *

Нэгъуджэм и гугъу ящІу щыщІадзар XII лІэщІыгъуэрщ. ГъэщІэгъуэныр зыщ: ар ящэщІыкІэ зэрымыщІэкІэ къагупсыса хъуащ, итІанэ нэхэм нэхъыфІу зэрыригъэлъагъур къззыхутар нэмыцэ щІэныгъэлІ Келлерщ (1571-1630). Ауэ абы и ужькІи илъэси 150-рэ дэкІын хуей хъуащ нэгъуджэ щІыным, къэгъэсэбэпыным щІэныгъэ лъабжьэ игъуэтыным. Урысейм нэгъуджэхэр къыщагъэсэбэпу щыщІадзар дапщэщми зэхэкІауэ щІыткъым. Ауэ 1636 гъэм ятха зы дэфтэр гуэрым къызэригъэлъагъуэмкІэ, XVII лІэщІыгъуэм и ещанэ Іыхьэм ар зищІысыр ящІэу щытащ.

* * *

Гъуэгухэм асфальт телъхьэныр пасэрей Ввавилоным къыщагупсысащ. Ауэ ар телъхьэн щагъэтыжри, 1712 гъэм Швейцарием къыщаублэжащ. Абы щыгъуэм асфальтыр унэ щащІкІэ къагъэсэбэпу арат, иужькІэ, 1822 гъэм, гъэгум тралъхьэу щІадзэжащ.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур щэкІуэгъуэм и 8-рщ.

● ШІэныгъуэ

Сурэтыщі ТхьэкІумашэ Михаил

РСФСР-м щІыхь зиІэ и сурэтыщІ, КЪБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат ТхьэкІумашэ Михаил къызэралъхьэ илъэс 90 зэрырикъум ирихьэлІэу къыдагъэкІащ аби и Іэдакъэщ.

ЇЭУБЛЭ псалъэр итхащ гъуэзджэхэмкІэ щІэныгъэлІ цІэрыІуэ Аппаевэ Жаухар. Тхьлъым щызэхуэхьэсыжащ ТхьэкІумашэм илъэс 70-м къриубыдэу и Іэдакъэ къыщІэкІауэ музейхэм, езы сурэтыщым и лжьапІэм щахъума сурэтхэр.

Михаил и гупсысэмрэ Іэщіагъэмрэ зэрыхигъахъуэ зэпытыр Іупщу къыхощ къигъэщІ скульптурэхэм. КъищынэмыщІауэ, абы и Іэдакъэщ ІэкІэхэмкІэ къыщащІыху щалъхуа щІыналъэм и закъуэ мыхъуу, нэгъуэщІ щІыпІэхэми. Сыту жьыпІэмэ, ТхьэкІумашэм и лжьыгъэхэр адрейхэм ещхькъым, я ухуэкІэкІэ, зэхэгъэувэкІэкІэ, хилъхьэ гупсысэмкІэ адрейхэм къащхьэщокІ. Апхуэдэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и узэщІакІуэхэу ПащІэ Бэмырзэ, Мечиев Кязим, КІыщокъуэ Алим, Щоджэнцыкіу Алий, Кулиев Къайсын, КІуащ БетІал, Къардэнгъущ Зырамыку, Темыркъан Юрэ сымэ я сурэтхэр.

Скульптор цІэрыІуэм и Іэдакъэщ ІэкІэр щахъумэ Москва, Мурманск, Белгород, Воронеж къалэхэм я лъэпкъ музейхэм. ТхьэкІумашэм и лжьыгъэхэр куэду ящхуу щытащ РСФСР-м, СССР-м я министерствэхэм, Урысейм и художественнэ фондым. Михаил ищІа сурэтхэрэ скульптурэхэмрэ игъэдахэ Краснодар, Ставрополь крайхэм, Дагыстэн, Осетие Ищхьэрэ, Адыгэ республикэхэм, Дон Іус Ростов къалэм я Іуэхущ Іапіэхэм.

ТхьэкІумашэ Михаил реализм жанрым хуэпэжу къэгъэгурыкІуащ, а унэтІынигъэм зригъэужьыным толажьэ нобэр къызэдэсми.

ТАМБИЙ Гуащэмахуэ.

● Тхылъыщіэ

Псалъэзэблэдз

***Екіуэкіыу*: 2.** Вакъэдыж Іэмэпсымэ. **5.** Цым, цым, цым, ... лъэбыщэжь. **7.** Гъатхэм пасэу къэгъагъэ удз, шакъафэ-къащхъуафэу. **9.** Щыхь инр лъэпкъ. **10.** Бжьэхуц зыдэлъ щІымахуэ щыгъын кІэщІ. **12.** И ... къурыкъуу ежьэжащ. **14.** ЕсщІар сщІэркъым, си унафэщІым и ... къысщыхуащ. **15.** Пшынэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэм тет Іэпэ. **17.** Чы - ... бжьихь. **21.** ИлъэситІ, щым ит ышщІэ мыгъасэ. **22.** Хывым нэгъуэщІу зэреджэ. **23.** Зэгъынэгъуу итІысыкІа унагъуэ гуп. **26.** Хабзэншагъэ зыльэжьа адыгэм и тезырыр щраГъэпшыну щыта мащэ куу. **27.** ІэнатІэ, ... хьарзынэ. **30.** Зыгуэр зраКІутэ . **31.** Хадэхэкі. **32.** Совет властым и зэма-ным британдэ зэхьэзэхуэм щытекІуэм ирату щыта щэкІ ГлъпыжькІ щыкІу. **34.** КІыщокъуэ Алим и усэхэм мызэ-мытІэу узыщІрихьэлІэ пхъэщхьэмыщхьэ жыг. **36.** Щыхубзхэми, щІыхухъу куэдми къызэдрахьэкІ хьэпшып щыкІу. **38.** ... къэпхьыну ухуеймэ, зыхуэзэфІэмыкІым зыщІэгъакъуэ. **39.** Щым и теплъэ, и фэ. **40.** Зэгъамыгъэжу псэущхьэм драха фэ. **42.** ЩІалэр мэзым жьыуэ кІуэри ... гулъэ къиШащ.

***Къехьу*: 1.** Лы лей зытелъ, пшэр. **2.** Хъыршыным нэгъуэщІу зэреджэр. **3.** Европэ къэралипщІым и щІынальэхэм щежэх псы. **4.** ... вы бжьаКъуэм къокІ. **6.** Бгым и лъагапІэ. **8.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, хьэщІэ жагъуэм ... кІэщІакІэ. **11.** Бзухэм папщІэ школакІуэхэм ... ящІащ. **13.** Іугъуэ зэрыкІ уэнжакъ кІуэщІым кІэрещІэ. **16.** Зи лъэр темыпІыэ щІалэ щІыкІым и вакъэр ... хъуащ. **18.** Къызэралъхурэ мы гъэм илъэс 80 иракъуэ адыгэ тхакІуэ. **19.** Щэжыпс гъэфІэІуэ. **20.** ТхакІуэ-усакІуэхэу КІыщокъуэ Алим, ЕлгъэР Кашиф, Мэзыхьэ Борис, Къуныжь Хьэйишэт, Брай Адэлбий, Апажэ Ахьмэд сымэ я къуажэ. **24.** Хьэжыгъэм къыхэщІыкІа адыгэ шхыныгъуэ. **25.** Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ театрым и джэгуакІуэ нэхъ Іэзэ дыдэхэм ящыщу щыта, РСФСР-м и цІыхубэ артист. **28.** Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Краснодар щыналъэм щежэх псышхуэ. **29.** КъуийцІыкІу бзаджэгъэкІэ зытекІуа домбеижь. **32.** Я ... зэхэльти, щІалэмрэ хъыджэбзымрэ унагъуэ зэрыгъэхъуащ. **33.** Хадэхэм ирагъэувэ бзугъащтэ. **35.** Уэрэд жызыІэм и щІэгъэкъуэн гуп. **37.** Пасэрей зауэлІ джанэ, гъущ ухарым къыхэщІыкІауэ. **39.** ХакІуитІ зы ... щІэзагъэркъым. **41.** Нартыху хъумапІэ.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**



Жэпуэгъуэм и 28-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***Екіуэкіыу*: 3.** Сэрмакъ. **5.** ИІэкъым. **7.** Ибэ. **9.** ХьэлІамэ. **10.** ТхъуцІынэ. **11.** Лэгъуп. **13.** Сарыкъ. **15.** ЩІыхуэ. **16.** Гъуо. **17.** Медан. **19.** Мы. **24.** КхъуейплъыжькІэрыщІэ. **27.** Хы. **29.** Бунин. **32.** Лы. **33.** Мыхъур. **34.** Шэджэм. **36.** Хуабэ. **39.** Хьэщпакъ. **40.** Тэрмэш. **41.** Пшэ. **42.** Мыжурэ. **43.** Пщыкъан.

***Къехьу*: 1** Псыхьэлыгъуэ. **2.** ХъумпІэцІэджэм. **4.** Армэ. **6.** Іэхъуэ. **8.** Блэр. **12.** Пхъы. **13.** Сом. **14.** Къан. **15.** ЩІэп. **18.** Дыжьын. **20.** Без. **21.** Гъупщ. **22.** Къурш. **23.** ПщІэ. **25.** Ухэмыкьэмэ. **26.** ШыкІэпшынэ. **28.** Къыр. **29.** Баш. **30.** Нэм. **31.** Сэху. **35.** Джэрш. **37.** Саур. **38.** Лъэпщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленениум и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщыдэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дзэтьщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хутыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленениум и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкі Соня,** *редактору* **Жылаесэ Заурбэч,** *корректорхэру* **Афэ Тамарэ** *(4, 5, 6-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дзэпкьуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бецто Оксанэ, Щомахуэ Марианэ, Ныр Сандэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзырац.
Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.423 ● Заказ №1400